

## **Asistans Finansyè** **Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)** **Pwogram Prè sou Valè Kay HomeWorks – Fèy Enfòmasyon**

Pwogram Prè sou Valè Kay (Home Equity Loan Program, HELP) Sant Akèy Boston (The Boston Home Center) a la pou ede pwopriyetè kay nan Vil Boston yo paske li founi yo yon altènativ abòdab pou finance reparasyon nesèsè nan kay yo epi nanfè pwomosyon re-investisman vizib nan katye Boston yo. Pwogram sa a depann disponibilite finansman.

### ***Kisa benefis yo ye?***

- **Yon prè difere a zero pousan (0%) enterè jiska \$20,000 pou reparasyon kay pou pwopriyetè kay pou 1 a 4 fanmi epi jiska \$30,000 pou reparasyon kay pou pwopriyetè kay 3 nivo yo.** Prè a pa genyen peman masyèl epi pwopriyetè a pa dwe toutotan li pa vann oswa transfere dwa pwopriyete byen a, oswa pa pran yon refinansman avèk retrè lajan pou kay la; Kondominyòm nan asosyasyon kondominyòm 1 a 6 inite yo gen dwa resevwa jiska \$10,000.
- Omwen yon tyè (1/3) nan prè fon Vil la ta dwe sèvi pou travay reparasyon deyò kay la.
  - Pa genyen okenn egzijans kontrepati pwopriyetè pou pwopriyetè kay ki genyen revni pi ba pase 120% Revni Medyàn Rejyonal (Area Median Income) la (gade pi ba a). Pwopriyetè kay ki genyen revni ant 120-135% Revni Medyàn Rejyonal la
- Revni yo pral dwe founi kontrepati 1:1 pou prè Vil la finance a avèk pwòp fon yo oswa avèk yon prè labank; Yon espasyalis konstriksyon DND pral regade devè reparasyon antreprenè ou a anvan pwojè ou a
  - kòmansè, epi enspekte pwojè fini a pou asirans kalite.

### ***Kiyès ki kalifye?***

- Rezidan Vil Boston yo ki posede epi ap viv nan kay pou 1 a 4 fanmi oswa yon kondominyòm;
- Pwopriyetè kay ki gen revni anyèl fwaye a ki pa depase 135% Revni Medyàn Rejyonal la jan sa defini nan tablo pi ba a;
- Pwopriyetè kay yo dwe ajou avèk tout kont Vil Boston ak kont kay yo, ladan taks sou pwopriyete yo ak fakti dlo; ipotèk ak asirans pwopriyete yo;
- Pwopriyetè kay ki genyen mwens pase \$75,000 kòm byen finansye, swa lajan kach, aksyon nan imèb ki pa imèb prensipal, fon investisman, oswa nenpòt lòt bagay ki genyen valè, sòf valè rezidans prensipal pwopriyetè kay la epi kèk fon retrèt ak kont plan epay pou kolèj;
- Pwopriyetè kay la pa t dwe resevwa asistans finansyèl pou reparasyon kay nan men nenpòt pwogram Vil Boston nan dis (10) dènye ane yo, sòf fon pou retire plon.

**Asistans Finansyè**  
**Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)**  
**Pwogram Prè sou Valè Kay HomeWorks – Fèy Enfòmasyon**

LIMIT AK KALIFIKASYON REVNI DEPATMAN LOJMAN AK DEVLOPMAN IBEN ETAZINI (U.S. DEPARTMENT OF HOUSING AND URBAN DEVELOPMENT, HUD)

Dimansyon Kay	Prè Zero-Kontrepati pou 120% AMI	Prè Kontrepati 1:1 pou 120-135% AMI
1-Moun	Pi ba \$99,950	\$99,950 - \$112,450
2-Moun	Pi ba \$114,250	\$114,250 - \$128,500
3-Moun	Pi ba \$128,500	\$128,500 - \$144,600
4-Moun	Pi ba \$142,800	\$142,800 - \$160,650
5-Moun	Pi ba \$154,200	\$154,200 - \$173,500
6-Moun	Pi ba \$165,650	\$165,650 - \$186,350

**Ki reparasyon ki kalifye?**

Yo dwe reponn avèk reparasyon pou rezon sante ak sekirite epi nenpòt vyolyasyon kòd la anpremye.

**Reparasyon Andedan Kay**

Reparasyon andedan genyen ladan, men pa sèlman sa yo: kwizin, twalèt, koulwa, chanm, planche, mi, ak plafon, sistèm chofaj, amelyorasyon elektrik ak plonbri, amelyorasyon pou konsèvasyon tanperati ak enèji epi rann sousòl enpèmeyab.

**Reparasyon Deyò Kay**

Reparasyon deyò ki ta kalifye pou egzijans 1/3 a genyen ladan, men pa sèlman sa yo: penti, reparasyon mi deyò an bwa ak vinil, masonri, fenèt, antre kay, ak twati.

**Reparasyon ki Pa Kalifye**

Fon Vil la pa kapab sèvi pou reparasyon sa yo, ladan, men pa sèlman sa yo: aparèy elektwomènaje, finisyon ak enfrastrikti liksye (tankou kontwa granit, basen avèk jè dlo); ale ak anviwònman lakou; mi soutènman; ajou, ladan finisyon espas sousòl oswa grenye.

**Asistans Finansyè**  
**Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)**  
**Pwogram Prè sou Valè Kay HomeWorks – Fèy Enfòmasyon**

**Kijan pou mwen aplike pou Pwogram Prè sou Valè Kay la epi ki pwochen etap yo?**

1. Soumèt oswa voye pa lapòs yon Aplikasyon Asistans Finansyè Sant Akèy Boston (Boston Home Center, BHC) ki siyen epi ki konplè epi tcheke kare HomeWorks HELP anba Pwogram pou Pwopriyetè Kay (Homeowners Programs) yo. Soumèt aplikasyon sa a avèk tout dokimantasyon yo mande ki nan Lis Verifikasyon Aplikasyon an. Aplikasyon an disponib nan: HomeCenter.Boston.gov pou telechajman, rele nan 617.635.4663, oswa pase pran youn nan:

**The Boston Home Center**  
**26 Central Ave**  
**Hyde Park, MA 02136**

2. Yon Pwogram Manadjè pral kontakte aplikan ki kalifye yo pou travay avèk yo.
3. Yon Espesyalis Konstriksyon Sant Akèy Boston (Boston Home Center) pral vizite kay ou pou regade epi apwouve kantite travay pou pwojè ou a.
4. Ou pral resevwa yon lèt enskripsyon ki di ou kalifye pou resevwa yon prè Vil la ap finanse a 100%, oswa yon prè Vil la ap finanse a 50% ki egzije yon kontrepati 1 dola pou 1 dola (1:1) avèk fon pa ou oswa fon labank pou reparasyon kay la.
5. Siyen dènye dokiman prè a pou prè difere a yon to enterè 0% epi resevwa yon lèt angajman ki sòti nan men Vil la.
6. Aprè kloti prè a, ou kapab kounye a siyen yon kontra avèk antreprenè ou te chwazi a. Antreprenè sa pral jwenn yon pèmi konstwi nan men Depatman Sèvis Enspeksyon Vil la, epi reparasyon kay a kapab kòmanse.
7. Depi travay yo fini, kontakte Pwogram Manadjè ou a epi soumèt yon fakti final ki sòti nan men antreprenè a ak tout yon kopi pèmi siyen an ki montre yon apwobasyon final.
8. Espesyalis Konstriksyon ou a pral fè yon dènye enspeksyon.
9. Yo pral voye pa lapòs chèk pou peman fon Vil la bay antreprenè a ou apre pwojè epi dènye enspeksyon an fèt.

**Pou Plis Enfòmasyon, ale sou:**  
**HomeCenter.Boston.gov oswa rele 617.635.4663**